



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/19/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 900 PWOJÈ ENÈJI SOLÈ KI SOU PYE GRASA
KANPAY SOLARIZE26 KOMINOTE NAN ETA**

Kanpay "Solarize" ap ankouraje kay ak biznis yo toupatou nan eta pou enstale enèji solè

Eta pral sipòte 31 lòt kanpay "Solarize" ki prevwa pou kòmanse nan prentan sa

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 900 pwojè solè sou pye grasa kanpay "Solarize" 26 kominote nan Eta New York. Yon eleman nan pwogram NY-Sun ak strateji konpreyansif Refòme vizyon enèji Gouvènè a, kanpay "Solarize" a vize nan bi pou jwenn plis kay ak biznis enstale enèji solè a. Gouvènè a te anonse tou yon lòt 31 kanpay solare ki prevwa pou kòmanse nan prentan an.

"New York ap ouvè wout la lè li kesyon pou fè tranzisyon nan pratik enèji dirab epi devlope yon ekonomi enèji pwòp," **te deklare Gouvènè Cuomo.** "Nan ede kominote yo nan ete enstale teknoloji solè, nap ouvè pòt pou nouvo opòtinite ki pral diminye depans enèji solè pandan lap pwoteje anviwonman pandan ane kap vini yo."

Lanse pa Gouvènè a nan Desanm 2014, inisyativ Solarize New York se yon kolaborasyon ant Eta ak kominote lokal yo. Kominote yo ki angaje nan kanpay solarize ap anmezi pou senplifye acha epi jwenn rabè pou patisipan yo sou pwojè solè yo. Inisyativ "Solarize" a fè patnè avèk kominote rezidansyèl ak biznis yo pou fè kontra acha konjwen pou ede diminye pri dacha pou enèji solè ak depans konsomatè yo.

New York State Energy Research and Development Authority te bay yon total \$365,000 nan sipò teknik ak maketing pou kanpay Solarize 2015. Kanpay sa yo te ekonomize patisipan yo yon total apeprè \$1.4 milyon sou depans acha inisyativ pou solè, pou yon mwayèn apeprè \$1,590 pou chak pwojè rezidansyèl oswa biznis. Patenarya kominotè jere kanpay yo sa ki gen ladan minisipalite lokal yo, òganizasyon planifikasyon, gwoup dirabilite, lejislasyon ak gwoup biznis yo.

Pwogram Solarize a fè pati nan NY-Sun, inisyativ \$1 billion Gouvènè Cuomo pou avanse pwojè enèji solè a gran echèl epi fè eta vin pi pre pou gen yon endistri solè dirab, ak endepandan. Nan diskou 2016 li sou Kondisyon Eta, Gouvènè a te mande pou enstale plis pwojè solè nan 150,000 kay ak biznis nan 2020.

Prezidan Energy ak Finans pou Eta New York Richard Kauffman te deklare, “Enèji Solè se yon eleman enpòtan nan strateji Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo pou redwi emisyon gaz greenhouse, ogmante itilizasyon resous renouvlab epi kreye travay. Kanpay Solarize sa yo se yon zouti enpòtan pou pèmèt kominote yo fè tranzisyon nan enèji pwòp ak dirab epi sèvi kòm yon pòt antre pou lòt yo nan New York fè menm bagay la.”

Prezidan ak PDG New York State Energy Research and Development Authority John B. Rhodes te deklare, “Pwogram NY-Sun Gouvènè Cuomo a te kondwi a kwasans solè san parèy nan Eta, bay enèji solè ki fèt lokal, enèji a bon mache pou rezidan ak biznis yo. Kanpay Solarize yo kreye opòtinite pou manm yo nan kominote a travay ansanm pou redwi depandans nou sou konbistib fosil ak pi byen pwoteje anviwonman nou an.”

Wap jwenn nan fason ki annaprè a rezilta ki soti nan premye kanpay Solarize 26 jiska Janvyè 2016:

| Kanpay Kominotè pa Rejyon | Total Pwojè/Kilowat (kW) |
|---|---------------------------------|
| Capital Region: (3) Solarize Albany, Solarize Saratoga Springs, Solarize Troy | 92 pwojè /708 kW |
| Central NY: (5) Solarize CNY: Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga, Oswego | 192 pwojè/2,653 kW |
| Finger Lakes: (3) Solarize Flower City, Solar Seneca, Solarize Williamson | 50 pwojè /332 kW |
| Long Island: (2) Solarize Brookhaven, Solarize Southampton | 86 pwojè/825 kW |
| Mid-Hudson: (8) Solarize Beacon Plus, Solarize Goshen-Warwick, Solarize Kingston, Solarize Bedford – Mt. Kisco, Solarize Cortland – Croton, Solarize Mamaroneck – Larchmont, Solarize Ossining – Briarcliff, Solarize Woodstock - Rosendale | 305 pwojè /2,338 kW |
| North Country: (3) Solarize Akwesasne, Solarize Canton, Solarize Tri-Lakes | 78 pwojè/550 kW |
| Southern Tier: (2) Solar Schuyler, Southern Tier Solar Works | 97 pwojè /941 kW |

Gade detay yo pou chak kanpay [isit la](#).

Pwochen seri pwojè Solarize a, ap kòmanse nan prentan sa, sou kontwòl 12 minisipalite, 18 òganizasyon non-pwofi ak yon antite prive kap travay an asosyasyon avèk yon gwoup kominotè. Sèten nan nouvo kanpay sa yo ap patisipe nan pwogram Solè a bon Mache nan New York, ki te anonse pa Gouvènè a nan otòn ki sot pase a, sa ki double rekonpans NY-Sun pou kay ki touche mwens pase 80 pousan nan revni mwayèn zòn nan oswa eta. Anplis, 13 aplikasyon se pou kanpay Renouvlab Pataje, sa kap ede bay opòtinite solè ansanm avèk lòt enèji pwòp pou lokatè ansanm avèk lòt konsomatè ki pa kapab gen enèji solè anlè tèt kay yo.

Wap jwenn yon lis kominote [la](#) kap patisipe nan dezyèm seri kanpay Solarize a.

Apati 2012 -2015, New York te obsève yon ogmantasyon de 575 pousan nan kantite enèji solè ki te enstale ak nan devlopman, sa ki te jenere tou yon ogmantasyon enpòtan nan kantite travay ki gen rapò avèk enèji solè nan Eta. Daprè yon rapò nasyonal ki te anonse nan mwa Fevriye, endistri solè New York kounye a se katriyèm pi gwo endistri nan peyi a e aktyèlman li anplwaye plis pase 8,250 travayè, yon ogmantasyon de plis pase 3,000 djòb depi 2013. Nan ane 2016 la, yo espere pou chif yo double avèk yon lòt 1,000 kreyasyon travay siplemantè kòm yon rezilta nan liy pwojè solè enpòtan eta a.

Enfòmasyon sou NY-Sun

NY-Sun se inisyativ \$1 bilyon Gouvènè Andrew M. Cuomo pou avanse pwojè solè a gran echèl epi fè Eta New York avanse pipre pou gen yon endistri solè dirab, endepandan. Kwasans solè nan Eta te ogmante pa plis pase 300 pousan apati 2011 jiska 2014, de fwa pousantaj kwasans enèji solè nan Etazini. [NY-Sun](#) sitwèb.

Enfòmasyon sou Refòm Vizyon Enèji a

Refòm vizyon enèji se strateji New York Gouvènè Andrew M. Cuomo pou bati yon sistèm enèji ki pi pwòp, rezistan ak abòdab pou tout Nouyòkè yo. REV ap transfòm politik enèji New York avèk nouvo inisyativ nan tout eta ak refòm regilasyon. REV pral devlope ekonomi enèji pwòp eta, sipòte inovasyon, asire rezistans rezo a, mobilize kapital prive, kreye nouvo djòb epi ogmante chwa ak disponiblite pou konsomatè enèji yo. REV mete enèji pwòp ki pwodui lokalman nan nwayo sistèm enèji New York. Sa a pwoteje anviwonman an epi sipòte objektif Eta pou redwi emisyon gaz greenhouse pa 40% pandan lap jenere 50% nan elektrisite l apati sous enèji renouvlab nan 2030. Inisyativ reyisi ki te deja lanse nan kad REV enkli NY-Sun, NY Green Bank, NY Prize, K-Solar ak yon angajman pou amelyore enèji a bon mache pou kominote yo ki gen revni fèb. Pou aprann plis sou REV, vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou [@REV4NY](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418